

## PANGAJARAN MACA SAJAK

### A. MACA

#### Tujuan:

12. Siswa mampu mengapresiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya sastra serta mendiskusikannya.

#### *Maca Bédas Sajak*

Pokna maca sajak kudu luyu jeung eusi sajak, mérénah laguna (intonasina), bener randeganana (fungtuasina) sangkan kedalna sora (lafal) téh matak nambah tétéla jeung nambah éndah. Cara ngaéksprésikeunna kudu bener. Ku lantaran kitu, saméméh maca bédas (membaca nyaring), alusna mah ilo heula éta sajak téh. Teu saeutik jadi robah hartina gara-gara salah macana.

Ieu di handap aya sajak, pék baca sing bédas!

### KAWIJAKSANAAN PAMARÉNTAH

*Masyarakat adil ma'mur  
cerdas  
mampuh hirup mandiri  
sejahtera  
angen-angen negara nu keur ngawangun.*

*Pamaréntah RI  
enggoning ngawujudkeun masyarakat adil makmur  
nimbang  
mikir  
netepkeun  
pola-pola pangwangunan  
pikeun dijadikeun padoman.*

*Léngkah-léngkah bangsa Indonésia  
diaping ku kawijaksanaan pamaréntah  
dikadali ku kompas pancasila  
dijayak ku UUD 1945*

### B. NYARITA

#### Tujuan :

12. Siswa mampu mengaprésiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya sastra serta mendiskusikannya.

#### *Nyaritakeun Eusi Sajak*

Sajak diluhur ngandung unsur téma, rasa, nada, jeung amanat. Tina sajak di luhur bisa dicaritakeun hal kieu.

- 1) Kawijaksanaan pamaréntah dina ngawujudkeun masyarakat adil ma'mur

- 2) Rasa tanggung jawab ti pihak pamaréntah pikeun ngawujudkeun masarakat adil ma'mur jeung pamaréntah nangtukeun pola pangwangunan. Ieu pola henteu lamo, tapi hasil mikir nu asak. Dina ngalaksanakeun ogé dibingbing.
- 3) Pangwangunan di Indonésia matak ngahudang rasa bungah. Bungah lantaran tujuanna ogé alus pikeun ngawujudkeun masarakat adil ma'mur. Bungah lantaran pamaréntah gedé tanggung jawab jeung bungah lantaran aya pola pangwangunan nu asak.
- 4) Gedé kamungkinan masarakat adil ma'mur di Indonésia ngawujud asal sareundeuk saigel antara pamaréntah jeung masarakat. Ku kituna, bangsa Indonésia kudu tumut kana aturan nu geus disahkeun ku pamaréntah, tegesna kawijaksanaan pamaréntah téh kudu diparaké.

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban ! (Sawalakeun pijawabeun ieu soal!)**

1. Gedé kamungkinan masarakat adil ma'mur di Indonésia ngawujud asal sareundeuk saigel antara pamaréntah jeung masarakat, Ku kituna, bangsa Indonésia kudu tumut kana aturan nu geus disahkeun ku pamaréntah, tegesna kawijaksanaan pamaréntah téh kudu diparaké.  
Ungkara kalimah di luhur kaasup katerangan ...tina sajak “Kawijaksanaan Pamaréntah”  
A. téma  
B. nada  
C. rasa  
D. amanat
2. Rasa tanggung jawab ti pihak pamaréntah pikeun ngawujudkeun masarakat adil ma'mur jeung pamaréntah nangtukeun pola pangwangunan. Ieu pola henteu lamo, tapi hasil mikir nu asak. Dina ngalaksanakeunana ogé dibingbing.  
Ungkara kalimah diluhur kaasup katerangan...tina sajak “Kawijaksanaan Pamaréntah”  
A. téma  
B. nada  
C. rasa  
D. amanat
3. Pangwangunan di Indonésia ngahudan grasa bungah. Bungah lantaran tujuanna ogé alus pikeun ngawujudkeun masarakat adil ma'mur. Bungah pamaréntah gedé tanggung jawab jeung bungah aya pola pangwangunan nu asak.  
Ungkara kalimah diluhur kaasup katerangan...tina sajak “Kawijaksanaan Pamaréntah”  
A. téma  
B. nada  
C. rasa  
D. amanat

**Jawan ieu soal !**

4. Naon téma sajak “Kawijaksanaan Pamaréntah”?.....
5. Dina sajak “Kawijaksanaan Pamaréntah” disebutkeun nu jadi kadali léngkah-léngkah bangsa Indonésia nya éta .....

### C. MACA

#### Tujuan

8. Siswa mampu memahami dan membedakan bentuk-bentuk karya sastra (puisi, prosa, drama)

#### Maca jeung Ngalagukeun Téks Drama

Ieu di handap aya téks drama (gending karesmén) nu judulna “KANYAAH”. Pék baca! (lamun bisa macana bari dilagukeun, da gending karesmén mah drama nu biasana dilagukeun bari diiring ku gending).

#### KANYAAH

*Para pelaku:*

1. Ahmad = Budak lalaki Kelas 3 SLTP
2. Syarif = Budak lalaki Kelas 3 SLTP
3. Unang = Budak lalaki Kelas 3 SLTP
4. Ibu Komariah = Ibuna Ahmad
5. Bapak Syamsudin = Ramana Ahmad

*Sekar jeung Gending:*

1. Gamelan degung laras pélog
2. Kacapi laras Saléndro

*Keterangan :*

Bn = Bonang  
Sr = Saron  
RW = Rampak Wadirta  
\* = Laguna sami  
AS = Anggana Sekar  
RS = Rampak Sekar  
Lr = laras

#### GENDING BUBUKA

**Lr : Degung (Pélog)**

Pangkat

Bn| 2 3 2 3 | . 5 5 5 5 5 |  
Sr|4 5 1 2 3 4 5 5 | 4 5 1 2 3 1 2 1 |  
Bn|. 5/2 . 5/2 . 5/2 .5/2 | . 5/2 . 5/2 . 5/2 . 5/2 |  
Sr | 5 1 5 1 2 5 3 2 | 1 5 1 2 3 4 5 |  
Bn |. 5/2 . 5/2 . 5/2 . 5/2 | . 5/2 . 5/2 . 5/2 .5/2 |  
Sr|. 2 1 5 . 5 |1 2 3 4 3 2 . 2 |  
Bn | . . 5/2 . 5/2 . 5/2|. 5/2 . 5/2 .5/2 . 5/2 |  
Sr| 3 2 4 3 5 1 . 3 | 2 3 1 2 3 4 5 |  
RW| 4 5 4 5 | 2 1 3 2 |  
5 1 2 3	2 3 4 5
4 5 4 5	2 1 3 2
5 1 2 3	. 5 5 . 5 5

**Prolog:** Pendidikan téh sarana pikeun nyerdaskeun bangsam ngwangun manusa pinujul, luhung budi, kréatif, mampu hirup mandiri, jembar panalar, sejahtera tur teu ngaleupaskeun diri tina iman, taqwa ka Alloh swt. Pikeun ngawujudkeun program wajib belajar, pamaréntah umajak ka masarakat bangsa Indonésia pikeun arancrub milu aub ngadeudeul Gerakan Nasional Orang Tua Asuh

## ADEGAN I

**Tata Panggung :** (Di rohangan kelas)

Barang jeung lagu Gumbira barudak kelas 3 SLTP asup ka hiji rohangan kelas bari saruka bungah (ngawih).

**Lr : Degung (Pélog)**

RS : : | o 2 2 3 4 5 | 3 2 3 2 1 5 2 |  
Haté bunga-ngang ra-rop a-lus ang-ka-na

| o 5 5 2 1 5 | o 5 5 5 5 5 |  
seu-ri gumbi-ra ha ha ha ha ha

| o 5 5 1 2 3 | 3 2 3 2 3 4 5 |  
seubeuh pa muji irung géasa kembang

| o 2 2 1 5 2 | 0 2 2 2 2 2 |  
igel i gel an pak pong pak pong gung

Ahmad : “ Rif, sakola téh rék dituluykeun moal euy?”  
Syarif : “Hus pasti, da éta mah udagan.”  
Ahmad : “Hayang jadi naon kitu ?”

Ahmad :

**Lr : Saléndro**

\* | o 0 4 4 4 2 | 1 2 1 5 4 1 |  
\* Mun abdi pa- reng nincak déwasa

| o 0 1 5 1 3 | 2 3 1 2 3 4 |  
hayang lak- sana – jadi ten ta ra

| o 0 4 4 4 2 | 1 2 1 5 4 1 |  
ngusir mu suh nu rék niat jail

| o 4 4 4 | 1 5 2 1 3 4 4 |  
dor dor dor musuh paéh di bedil.\*

Arif : “Yeuh, kahayang Arif mah kieu

\* Mun Ahmad pareng jadi nu kaya  
moal nyaah ku dunya barana  
pakir miskin nu katalangsara  
sok ... sok ... sok ... rék dibagi walatra.”

Ahmad jeung Syarif : \* “Mun kuring jaga jadi jugala  
arék ngadeudeul béya nu lemah  
ngangkat budak mo rék asa-asa  
yap yap yap asal siap sakola.”

Unang : “Duh ku saraé angen-angen téh

\* mugi-mugi tinekanan  
peupeuriheun Unang  
sakola ogé tutup riwayat  
dugi ka dieu

Syarif : “Naha Unang moal neraskeun kitu ?”

Unang : “Moal ..., da teu aya waragadna.”

Ahmad : “Halah, tong loba carita  
mending ogé urang suka bungah  
kapan urang téh geus tamat ti ieu sakola  
rapot gé pan aralus angkana  
yu ah lalaguan

Ahmad, Syarif, jeung Unang kaluar ti rohangan kelas bari ngalagu lagu Gumbira.

RS : \* Haté bungangang rapot alus angkana  
seuri gumbira ha... ha .... Ha... ha...  
seubeuh pamuji irung gé asa kembang  
igel-igelan pak pong pak pong gung

Haté gumbira rapot alus angkana  
seuri jeung surak ha...ha...ha...ha...  
pasti dipuji ku bapa jeung ku indung  
igel-igelan pak pong pak pong gung

## ADEGAN II

**Tata panggung :** (Di patengan bumi)

Adé jeung indung bapana ngariung

Ahmad : ”Lulus, lulus, lulus!”

Ibu Komariah : “Aya naon Ahmad, mani jigrah?”

Ahmad : “Ibu, Ahmad ...lulus sakola  
Tingali rapot angkana saé.”

Ibu komariah  
jeung

Pa Syamsudin : “Sukur...sukur...Bapak jeung ibu ngarasa atoh Ahmad  
tamat ti SLTP

Ibu Komariah : “Mana cik ... peunteunna, euleuh enya wé geuning aralus”

Pa Syamsudin

& Ibu Komariah : “Kumaha rencana satuluyna, Nak ?”

Ahmad : ”Hoyong neraskeun ka SMU, Bu.”

Pa Syamsudin : ”Sukur ari enya geus copk ka dinya mah. Barina gé kitu  
hirup mah kudu boga angen-angen, ngarah sumanget.

Ibu Komariah :

**Lr.: Degung (Pélog)**

| 0 2 1 5 5 0 5 | 4 5 1 3 2 |  
"Re-gep-keun I eu pi wu ruk

| 0 3 4 5 1 1 | 4 5 4 1 2 3 3 |  
pék si- dik keun ku- du te- lik pi-

| 3 3 1 1 1 5 2 | 2 5 1 2 3 3 |  
kiran nepi ka asak nepi ka a- sak

| 0 2 1 5 5 0 5 | 4 5 1 . 3 2 |  
su- paya ga ledé mi – lik

| 0 3 4 5 1 1 | . 2 3 2 3 4 5 5 |  
pa – da re – sep ba-pa – turan a-

| 5 3 4 5 1 5 4 0 | 1 5 2 1 3 4 5 |  
lakur bi sa sa a ti bisa sa a ti"

Pa Syamsudin : "Sok, sok geura siapkeun sarat-saratna, ngarah engké henteu hararése."

Ahmad : "Mangga."

Ibu Komariah : "Bapa mending tuang heula parantos disayogikeun!"

Pa Syamsudin : "Hayu, hayu, hayu!"

Bu Komariah, Pa Syamsudin, Ahmad kaluar ti pentas.

### ADEGAN III

**Tata panggung :** (Buruan nu liuh, béh tukangna aya panto pager)

Bareng jeung lagu Ngala Duit. Unang asup ka pentas bari nanggung dagangan. Teu lil asup Ahmad jeung Syarif.

Unang : "Lulus ti SLTP dangan kacang  
emh dasar nasib awak  
éh kétéh teu meunang garasula  
usaha mah naon ogé asal halal."

Unang :

**Lr : Degung (Pélog)**

Pangkat : 3 1 2 | 4 3 2 1 .

| 0 1 5 4 0 1 5 4 | 0 1 5 4 1 3 3 |  
Ka cang go réng bi sa ngé téng

| . 3 3 2 3 | 1 2 3 4 |  
A nu da gang na so mé ah

| 0 4 3 2 1 2 3 | 0 4 3 2 1 2 3 |

Ka cangna dibungkus ku kertas nu a lus

| 0 2 1 5 1 | 3 4 5 1 |

Da gang ba ri su ka bu ngah.

- Unang : "Kacang...kacang...kacang  
Baradé kacang goréng!"
- Ahmad : "Tuh aya tukang kacang!  
Kuring hayang pisan."
- Syarif : "Sok atuh calukan ... gancang sina ka dieu!"
- Ahmad jeung Syarif : "Tukang kacang!...Kacang!.... ka dieu!"
- Unang : "Tuh geuning aya nu rék meuli ...  
Mangga ...antosan!"
- Ahmad : "Naha tukang kacang téh Si Unang  
Euleuh...euleuh. Si Unang jadi tukang kacang!"
- Syarif : "Unang !"...Unang!"...  
Teu salah ...jadi tukang kacang?"

Unang :

### Lr : Saléndro

Pangkat kacapi : 3 1 2 | 4 3 2 1 |

| 0 0 4 4 3 3 | . 4 3 2 2 3 3 |

"La mun da ek ka na ga we

| . 0 3 2 1 5 | . 5 1 5 1 1 |

ge tol ra jin ung gal po e

| 4 5 1 1 1 | 0 1 2 3 2 3 3 |

da-gang ka cang ti isuk – I suk

| 2 3 2 3 | 2 3 2 3 4 4 |

cang-cang-cang-cang du – it pasti numpuk."

- Ahmad : "Alus pisang Unang mah teu éraan."
- Unang : "Ahmad jeung Syarif hirup tong éraan naon baé pagawéan pék  
pigawé asal halal."
- Ahmad : "Unang kuring mah rék neruskeun sakola ka SMU.  
Ari Unang kumahan?"
- Unang : "Kuring mah moal, da teu boga modal."
- Ahmad : "Kumaha lamun sakola deui, bareng jeung kuring?"
- Syarif : "Kuring ogé sakola neraskeun ka SMU."
- Unang : "Teu bisa, teu bisa ...  
Kuring mah jalma balangsak sakola téh kapan maké modal.  
Kuring modal ti mana?"
- Ahmad : "Tenang...tenang... modal mah insya Alloh aya.  
Ku kuring rék dipangusahakeun ka kolot, sugan kolot kuring  
daékeun mantuan.
- Syarif : "Daék...daék...daék...ah daék..."
- Ahmad : "Insya Alloh ...Ku kuring dipikiran ....  
Ahmad ...Syarif ayeuna kuring arék ngider deui.  
Yu, manggga ...
- Ahmad  
jeung Syarif : "Mangga...Sing hasil atuh ...!"

Unang : “Kacang ....kacang ...kacang goreng...”

Unang kaluar ti pentas bari nawarkeun daganganana, dituturkeun ku Ahmad jeung Syarif.

#### ADEGAN IV

**Tata Panggung :** (Di rohangan tamu)

Di rohangan tamu aya Bu Komariah, Pa Syamsudin, Unang jeung Ahmad

Ahmad : “Bapa, Ibu tah ieu Unang téh. Réréncangan abdi waktos di SLTP. Nu kamari ieu disanggemkeun téa.”  
Unang : “Nepangkeun abdi pun unang.”  
Pa Syamsudin : “Sukur ditepangkeun”  
Ahmad : “Tah Nang, pun bapa téh kersaeun janten bapa asuh Unang. Engke Unang dibiayaan ku pun bapa sakola téh.”  
Pa Syamsudin : ”Paniatan anak bapa téh alur, Nak Nang...  
Keun ku Bapa dimodalan, asal Unang sing junun!”  
Unang : “Hatur nuhun Bapak, Ibu....”  
Ibu Sari :

**Lr. : Degung (Pélog)**

Pangkat kecapi :

|| 5 4 3 2 4 3 5 | 5 4 3 2 4 3 5 |  
Lamun ngedul di – a – jar pangar ti teu di si ar

| 5 5 5 1 2 1 5 | 2 5 1 2 3 4 5 |  
Jaga urang ka – sa – sar hirup bisa ka lan tar

| 5 4 3 2 4 3 5 | 5 4 3 2 4 3 5 |  
Lamun ngedul di a jar hirup jeung teu pa na lar

| 2 1 5 5 1 2 3 | 3 1 2 1 3 4 5 |  
jaga pasti ka du hung hirup lo ba ka bi ngung

“Lamun ngedul diajar pangarti teu disiar  
jaga urang kasasar hirup bisa kalantar.  
Lamun ngedul diajar hirup jeung teu panlar  
jaga bisa kaduhung hirup loba kabingung.”

Pa Syamsudin : “Ayeuna ...Ahmad sareng Unang, geura nyiapkeun sarat-saratna keur ka SMU. Ké duanana didaftarkeun ku Apa.  
Ahmad  
jeung Unang : ” Mangga ....mangga...mangga!....”

Unang, Ahmad, Pa Syamsudin, jeung Bu Komariah kaluar ti pentas.  
Bareng jeung kaluarna para palaku rampak sekar ngawitan : *Lagu Gemi*.



### Lr : Degung (Pélog)

Pangkat Kacapi 3 2 1 | 5 5 5 5 4 5 |

RS || 0 2 2 2 2 | 1 4 3 2 |

A- nu beunghar ja – lu gi- na

| 0 2 1 5 4 | 3 5 1 2

lo ba har ta lo – ba ban da

| 0 3 3 2 2 2 2 | 0 2 1 5 5 5 5 |

mun hayang nuru tan lo ba ra ja ka ya

| 0 2 1 2 1 3 2 | 0 3 2 1 3 4 5 |

sing a sak jeujeuhan apik – ka na banda.

- \* Lamun hirup jeung jeujeuhan  
bakal pinanggih kamulyan  
lamun urang korét  
tara barang béré  
nyaah ku saemét  
rejeke sok hésé

Réngsé rampak sekar ditutup ku gending jiro "Gambir Sawit" dina gamelan degung.

**Epilog :** Bobo sapanon carang sapakan  
Nega jembar pangampurana  
Cag....

### TAMAT

(Diréka deui tina naskah **Gending Karesmén** karya Susi, S. Kar.  
Jeung tina **Ranggeuman Lagu Cangkurileung** karya Mang Koko)

### D. NYARITA

#### Tujuan :

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

#### 1. *Nyawalakeun Wangun Téks Drama*

Drama téh karya sastra ngalap pepétaan tingkah laku manusia nepi ka bubuk lemuna. Ditulisna umumna dina wangun guneman (dialog) kalayan maksud pikeun dipintonkeun ku para pamaén dina panggung di hareupeun jalma réa.

Unsur-unsur drama ngawéngku :

- a. Téma = Poko pikiran atawa bahan picaritaen
- b. Plot/alur = jalan carita, susunan wangun drama
- c. Setting/latar = latar waktu jeung latar tempat kajadian

- d. Karakter/penokohan = pasipatan pribadi tokoh tumerap dina wujud tokoh. Tokoh nu bageur disebut *protagonis*, tokoh nu teu dipikaresep disebut *antagonis*
- e. Dialog = obrolan para tokoh, hasil kedaling rasa katut pikiran pangarang. Sakur eusi obrolan kudu puguh, tétéla, tandes, méréhah fungsina, tur nyoko kana téma.
- f. Ngatur waktu, waktu prolog (pangjajap carita), dialog (guneman), épilog (pamungkas carita kudu diatur sangkan waktuna pas).
- g. Amanat = gagasan anu ngadadasaran karya sastra, pesen nu rék ditepikeun ku pangarang ka nu maca atawa ka nu ngaregepkeun.
- h. Efék/méré pangaruh = méré pangaruh ka nu maca jeung ka nu nongton
- i. Rétorika = kamahéran nyarita nu kudu kapibanda ku tokoh nu boga pancén nyarita. (Ban., **Sumardjo**, 1984:129-137).

Babagian carita drama ngawéngku :

- 1) carita nu ngagambarkeun kasedihan (*drama tragédi*), jeung
- 2) carita nu ngagambarkeun kabungah atawa pikaseurieun (*komédi*).

Guneman drama aya nu ditulis dina wangun basa lancar, jeung aya ogé dina wangun basa ugeran jeung wangun basa campuran (lancaran jeung ugeran). Guneman nu ditulis dina basa lancar ditepikeunna sakumaha ilaharna urang nyarita. Nu ditulis dina wangun basa ugeran ditepikeunna aya nu ditembangkeun, dikawihkeun, jeung aya ogé nu disajakkeun.

Kasénian nu samodél jeung wangun drama téh loba, diantarana drama sora, gondang, jumlungan, jeung gending karesmén. Pkeun ngabédakeunana bisa nengétan ciri hasna.

- **Drama sora** hasna ngagunakeun lagu-lagu kawih. Pamirig utamana siter jeung suling nu liangna opat.
- **Jumlungan** hasna ngagunakeun lagu-lagu pupuh. Prologna ditepikeunana ku palaku dalang. Para pamaén teu bisa bari nangtung sumawona leuleumpangan.
- **Gondang** hasna tutunggulan alat pamirig nu utamana téh lisung jeung halu
- **Gending karesmén** hasna pangiring utamana gending (gamelan degung)

Tah, naskah drama nu disodorkeun di luhur téh naskah drama mangrupa gending karesmén anu basajan. Éta naskah téh kudu dilagukeun kabéh, da aya bagian nu kudu ditepikeun dina basa lancar, seperti ilaharna urang nyarita.

Pedaran nu bieu téh ukur panganteur bahan gambaran pikeun ngalaksanakeun sawala. Dina ieu pangajaran urang nyawalakeun drama nu mangrupa gending karesmén “Kanyaah”

**Jawab ieu soal !**

Sawalakeun pijawabeun ieu soal!

1. Unsur drama naon baé nu aya dina gending karesmén “Kanyaah”!
2. Kumaha sikep Ahmad ka Unang ?
3. Naon nu pikatajieun tina sikep Bapa Syamsudin ka Unang?
4. Bagian mana nu nuduhkeun monolog dina gending karesmén “Kanyaah”?
5. Kumaha ringkesna carita gending karesmén “Kanyaah”?